



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKONSTWIKSYON \$8.9 MILYON DOLA “GRIFFISS VETERANS MEMORIAL PARKWAY” LAN NAN MOHAWK VALLEY

Amelyorasyon Pou Ogmante Aksè nan Pak Teknoloji ak Biznis Griffiss

Sa Pral Konplemanje Envestisman Rekò 27 Milya Dola Eta nan Wout ak Pon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jounen jodi a ke travay yo pral kòmanse semèn pwochèn nan yon pwojè \$8.9 milyon dola pou rekonstwi yon pòsyon nan “Griffiss Veterans Memorial Parkway” lan, sou Route 825, nan Konte Oneida. Pwojè sa pral ranplase otowout de liy aktyèl lan pa yon otowout ki divize an kat liy, soti nan Ellsworth Road pou rive nan Perimeter Road, epi ogmante sekirite ak aksesibilite nan Pak Teknoloji ak Biznis Griffiss lan.

“Envesti nan rezo transpò nou an li esansyèl pou kapab reponn a demann ekonomi modèn nou an, epi asire vwayaj sekirize pou Nouyòkè yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Dè milye abitan Mohawk Valley yo depann sou Wout Pak sa, epi amelyorasyon sa yo pral pèmèt vwayajè yo pou konte sou li pou vwayaj ki pi sekirize ak mwens anbouteyaj pou ane k’ap vini yo.”

Kòm yon pati nan Inisyativ “Drivers First” Gouvènè Cuomo an, epi pou kapab minimize enpak konstwiksyon an, aksè a biznis ak sikilasyon pyetonan la pral mentni pandan dire pwojè sa. Chofè yo ka eksperymanman reta pandan lè trafik chaje yo epi ta dwe planifye pou tan vwayaj ekstra.

Pwojè sa gen ladan rekonstwiksyon wonpwen yo ki nan entèseksyon Floyd Avenue ak Hangar Road nan Wout Pak lan. Yo pral konstwi yon nouvo twotwa sou kote nò otowout lan, ak yon pave ki mezire 10 pye, yo pral konstwi santye miltifonksyon sou kote sid lan. Santye miltifonksyon sa pral konekte sistèm santye Pak Teknoloji ak Biznis Griffiss aktyèl lan ak Santye Rivyè Mohawk la. Kòm yon pati nan pwojè sa, espas pakin nan Kòmansman Santye Rivyè Mohawk lan pral rekonstwi, epi yo pral ranplase tou pave ak wout ray lan ki travèse sou wout Ellsworth Road lan.

Sa se pòsyon final nan rekonstwiksyon otowout lan. Majorite rekonstwiksyon yo pral konstwi sèlman nan zòn nòdès wout aktyèl la, epi pèmèt konstwiksyon yo reyalize avèk entèripsyon minimòm pou vwayajè yo. Yo prevwa ke sikilasyon an ap kòmanse itilize nouvo aliyman yo apati fen 2017, ak achèvman pwojè an ki pwograme pou fen 2018.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Pandan ke Mohawk Valley ap kontinye dinamik li an pou relans ekonomik lan, amelyore rezo transpò yo tankou “Griffiss Veterans Memorial Parkway” lan pral mete Vil Rome ansanm ak rejyon an nan pi bon pozisyon pou kapab pran avantaj de nouvèl opòtinite yo. Mwen fyè pou mwen sipòte investisman rekò eta nou an yo nan pwojè pon ak wout rejyon nò yo tankou Wout Pak lan, ki pral pèmèt otomobilis, travayè ak vizitè yo jwenn aksè pi fasil pou antre epi soti nan sant biznis vil lan.”

Anthony Brindisi, ki se Manm Asanble, te deklare, “Enfrastrikti se yonn nan premye bagay ke konpayi yo gade lè y’ap konsidere yon etablisman nan rejyon Mohawk Valley an. Pwojè sa asire ke Pak Teknoloji ak Biznis Griffiss lan aksesib pou lokatè yo ansanm ak kliyan yo, epi kreye tou yon wout rapid ki sekirize pou abitan ak vizitè yo nan Rome. Lè pwojè sa fini, li pral ede ankouraje plis kwasans ak devlopman ekonomik nan Mohawk Valley an.”

Anthony J. Picente Jr., ki se Chèf Ekzekitif Konte Oneida, te deklare, “Nou kontan pou nou wè investisman \$8.9 milyon dola sa vin reyalize. Sa se yon lòt ekzanp angajman Gouvènè Cuomo pou rekonstwi Enfrastrikti nan Rejyon Nò an. Rekonstwiksyon “Griffiss Veterans Memorial Parkway” lan li esansyèl pou kwasans Pak Teknoloji ak Biznis Griffiss lan, menm jan ak Vil Rome ak Konte Oneida. Yon wout modèn ki pral ogmante aktivite ekonomik pandan l’ap sipòte devlopman. Se yon viktwa tou pou rekreyasyon ak byennèt nan kominote nou an pandan n’ap konekte Santye Rivyè Mohawk lan ak sistèm santye Pak Teknoloji ak Biznis Griffiss lan.”

Majistra Jacqueline M. Izzo te deklare, “Nou remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Kò Lejislatif Eta New York lan poutèt yo apwouve rekonstwiksyon “Griffiss Veterans Memorial Parkway” lan. Pwojè sa ki te antisipe depi lontan pral fasilite anpil epi amelyore trafik sikilasyon yo, ak ranplasmam otowout de liy aktyèl lan pa yon otowout ki divize an kat liy. Pak Griffiss lan se lakay dè milye anplwaye, misyon militè enpòtan yo, biznis teknoloji modèn yo, ak endistri manifakti limyè yo. Pwojè sa pral amelyore pi plis rezo transpò an nan Vil Rome, epi nou rekonesan pou sipò Gouvènè an.”

Matthew J. Driscoll, ki se Komisè Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), te deklare, “Pwojè sa ke yo t’ap tann depi lontan, ki te vin reyalize atravè investisman rekò Gouvènè Cuomo nan enfrastrikti transpò Rejyon Nò an, se yon viktwa imans pou kominote an. Rekonstwi wout pak lan pou vin tounen yon wout modèn, ki pi efikas, sa pral pèmèt aktivite ekonomik yo pwospere, epi sa pral sipòte devlopman fiti.”

N’ap fè otomobilis yo sonje ke kontravasyon yo double lè yo depase vitès limit nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite www.511NY.org, oswa nouvo sit mobil nou an nan m.511ny.org.

Swiv New York State DOT sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418